

21 mas 2017

Chè elèv ak fanmi,

Nou ekri w pou nou revize lèt nou te voye ba w nan dat 30 janvyè 2017 la pou rekonfime angajman nou pran pou pwoteje dwa chak elèv nan Vil Nouyòk ki nan lekòl leta, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo, peyi yo soti oswa relijyon yo. Piti ou a se premye priyorite nou, epi n ap fè tout sa nou kapab pou pwoteje piti ou a ak asire nou tout elèv jwenn bon kalite edikasyon .

Pou ede asire tout timoun kontinye aprann nan yon anviwònman favorab, ankonfyans, nou bay manm estaf nan lekòl nou yo **lòd anplis** sa yo:

ICE pa gen dwa antre nan lekòl yo, eksepte lè lalwa egzijè sa.

Regleman federal aktyèl yo limite arestasyon, entèvyou, fouy ak siveyans ki gen rapò ak imigrasyon nan kote ki sansib tankou lekòl. Ofisye ki la pou ranfòsman lwa federal tankou ofisye imigrasyon, gen dwa pou antre sèlman nan lekòl DOE lè lalwa egzijè sa ak sèlman apre yon lekòl fin kontakte avoka DOE yo. Si yon ofisye ICE ale nan yon lekòl pou rezon imigrasyon, ajan sekirite lekòl la ap rele direktè a, ki pral rankontre ofisye ICE la nan biwo sekirite a. Direktè a ap konseye ofisye a li dwe rete tann deyò bilding lekòl la pandan l ap kontakte avoka DOE yo. Direktè a pral avèti tou paran an oswa responsab la apre li fin kontakte avoka DOE yo. Anjeneral, ofisye pou ranfòsman imigrasyon yo ap gen dwa sèlman pou antre lè yo bon jan manda lajistis oswa nan kèk sitiyasyon ki ra anpil kote kèk tip ijans egziste epi ki egzijè mezi ijan.

Estaf DOE p ap pibliye enfòmasyon elèv amwenske lalwa oblije sa.

Si nenpòt ajan lapolis, tankou ofisye ICE ap chèche antre nan dosye elèv, direktè a ap pran nenpòt domikan ofisye a genyen, l ap voye l ba avoka DOE yo epi l ap tann lòt rekòmandasyon. Direktè a pral avèti tou paran an oswa responsab la apre li fin kontakte avoka DOE yo.

DOE ak Biwo Majistra a pou zafè imigran *Mayor's Office of Immigrant Affairs* (MOIA) ap ogmante atelyetrayay sou konnen dwa w *Know Your Rights* pou elèv, paran ak manm kominote a.

Nan kolaborasyon avèk *Fordham Law Immigrant Preparedness Project*, *Catholic Charities* ak lòt founisè sèvis legal, nou ofri 100 atelyetrayay sou *Know Your Rights* pou elèv ki pral disponib pandan lè lekòl, aprelekòl ak avan lekòl nan vil la. N ap fè 100 fowòm yo nan lekòl tankou nan lekòl kominote yo ak lekòl entènasyonal yo nan vil la. Trening yo edike elèv yo sou dwa imigran ki abite Nouyòk epi yo bay enfòmasyon sou sèvis, plan sekirite ak prevansyon fwod nan vil la. Plizyè atelyetrayay pral konekte patisipan yo avèk sèvis lekòl atravè ActionNYC nan lekòl.

Nou ofri tou trening gratis nan borough yo pou fanmi nan *Field Support Centers*. N ap kontinye ogmante trening sa yo epi kolabore ak òganizasyon debaz *community-based organizations*(CBO) yo pou ofri lòt sesyon nan semèn k ap vini yo.

DOE bay lekòl yo tou resous anplis pou kourikoulòm lan ak sipò sosy-emosyonèl.

Nou pran angajman pou ofri yon anviwònman aprantisaj ankonfyans, favorab ak enklizif nan chak bilding lekòl. Lekòl yo resevwa oryantasyon sou kòman pou yo fasilite diskisyon avèk estaf ak elèv yo ki ankouraje konvèsasyon nan respè sou divèsite ak enklizivite.

Fanmi yo ta dwe mete dosye lekòl yo ajou.

Kòm yon rapèl, DOE pa mande enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon elèv. Nou mande tout paran ak fanmi pou mete dosye lekòl ajou pou asire enfòmasyon ki nan dosye a kòrèk, paegzanp enfòmasyon sou moun pou nou kontakte pou paran oswa responsab ak omwen de lòt non ak nimewo pou kontakte yo pou chak elèv. Si yon paran oswa yon responsab pa kapab vin chèche yon timoun nan lekòl, lekòl la pral itilize enfòmasyon sa a pou kontakte yon adilt yo fè konfyans ki ka vin chèche timoun lan lè w pa la.

Tout moun ki rete Nouyòk, kèlkeswa kondisyon imigrasyon ou, kapab kontinye gen aksè nan sèvis vil la ofri.

Telephone 311. Si w gen nenpòt kesyon, ale sou <http://schools.nyc.gov/supportingallstudents> pou jwenn plis enfòmasyon sou oryantasyon DOE pou imigrasyon ak pou jwenn sipò pou oumenm ak fanmi w.

Anplis, nou revize dokiman ki rele kesyon moun poze souvan *Frequently Asked Questions*(FAQ) pou reponn lòt kesyon ou ta ka genyen. Ou ka rele 311 oswa ale nan nyc.gov/immigrants pou plis enfòmasyon ki sòti nan Biwo majistra a sou zafè imigrasyon.

Nan Vil Nouyòk, nou angaje nan ideyal ki reprezante nan Estati Libète *Statue of Liberty*. Nou se yon nasyon imigran epi nou se yon vil imigran. Nou pi djanm akòz diferans nou. Jodia, ansanm ak tout Nouyòkè, nou konfime ankò angajman nou pou kanpe avèk w.

Avèk senserite,



Carmen Fariña
Chancellor
Biwo zafè imigrasyon majistra a



Nisha Agarwal
Komisè
Depatman edikasyon Vil Nouyòk